

Efektivman nan dat 30 Septanm 2023, salè minimòm nan florid pral \$12.00 pa èdtan, ak yon salè minimòm \$8.98 pou chak èdtan pou anplwaye ki recevwa tips, tips anplis, jiska nan dat 29 Septanm 2024.

Nan dat 3 Novanm 2020, votè Florid yo te apwouve yon amannman konstitisyonèl eta a pou ogmante salè minimòm eta a chak ane jiskaske li rive \$15.00 pa èdtan nan dat 30 Septanm 2026. Nan dat 30 Septanm 2023, salè minimòm Florid ap ogmante a \$12.00 pa èdtan. Chak ane apre sa, salè minimòm nan Florid ap ogmante pa \$1.00 jiskaske salè minimòm lan rive \$15.00 pa èdtan nan dat 30 Septanm 2026. Rekòmanse an 2027, salè minimòm lan pral ajiste chak ane pou enflasyon.

Yon patwon pa gendwa pran revanj kont yon anplwaye paske li egzèse dwa li genyen pou li resevwa salè minimòm lan. Dwa Konstitisyon Eta Florid pwoteje genyen ladann dwa sa yo pou:

- Depoze yon plent konsènan swadizan Patwon ki pa respekte kondisyon legal pou salè minimòm.
- Enfòmè nenpòt moun sou swadizan patwon ki pa respekte kondisyon legal pou salè minimòm.
- Enfòmè nenpòt moun sou dwa potansyèl li anba Seksyon 24, Atik X nan Konstitisyon Eta a epi ede moun nan reklame dwa sa yo.

Yon anplwaye ki pa te resevwa salè minimòm legal li la apre li te notifye patwon li epi li te bay patwon an 15 jou pou rezoud nenpòt reklamasyon pou salè ki poko peye ka pote yon aksyon sivil nan yon tribinal kont yon patwon pou rekipere salè dèyè salè plis domaj ak frè avoka.

Yon patwon yo jwenn responsab pou vyolasyon egzijans salè minimòm entansyonèlman ap sibi yon amann \$1,000 pou chak vyolasyon, pou peye bay Eta a. Avocat Jeneral la, oswa lòt ofisyèl Lejislati deziyen, ka pote yon aksyon sivil pou fè respekte salè minimòm lan.

Pou plis detay, gade Seksyon 24, Atik X Konstitisyon Eta Florid la, ak seksyon 448.110, Lalwa florid yo.